

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Panalungtikan nu judulna *Novel Nu Ngageugeuh Legok Kiara Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran maca Novel di Kelas IX SMP (Ulukan Struktural jeung Ékokritik)* ngahasilkeun sababaraha kacindekan, nyaéta novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* diwangun ku unsur intrinsik (téma, fakta carita, sarana sastra) jeung unsur ekologi sastra. Sakumna tokoh dina *novel Nu Ngageugeuh Legok Kiara* ngagambarkeun kahirupan di pilemburan nu masih kénéh percaya kana mitos. Lingkungan pilemburan, utamana masarakat nu masih gumantung kana hasil nyawah sarta tatanén sacara jelas digambarkeun ku pangarang.

Ieu novel miboga téma lingkungan, rasa kapanasaran hiji budak ngeunaan tempat nu disebut Legok Kiara, nu dianggap pikasieuneun ku masarakat sabudeureunna lantaran geus kawentar aya nu ngageugeuhna, padahal di éta tempat téh, aya cinyusu nu bisa dimangpaatkeun pikeun kabutuhan sapopoé.

Galur nu dipaké ku pangarang nya éta galur maju, sedengkeun palakuna aya salapan urang. Tina salapan palaku ngawengku hiji palaku utama nya éta Emod, sarta dalapan palaku tambahan nya éta Sadun, Mang Apin, Bapa, Indung, Pa RT, Pa Kuwu, jeung Aki Winta. Anapon latar dina ieu carita ngawengku tujuh latar tempat jeung tujuh latar waktu. Dina ieu novel, pangarang ngagunakeun puseur panitén jalma katilu, Dadan Sutisna dina nyaritakeun eusi novelna ngagunakeun basa nu basajan, nu ilaharna sok dipaké dina kahirupan sapopoé.

Salian ti struktur nu geus ditataan di luhur, tuluy dianalisis ngeunaan ékologi sastrana. Utamana mah kritik ékologi nu patalina jeung ngajaga lingkungan sarta masarakat nu masih percaya kana mitos. Interaksi tokoh jeung lingkunganna digambarkeun ku pangarang sacara jéntré, boh ngaliwatan paripolahna, omongan, boh pikiran tokoh. Ieu hal katitén ti mimiti carita dibuka, nalika pa guru nepikeun pesen

yén tatangkalan téh loba pisan mangpaatna, tuluy di ahir carita pa kuwu meré nyaho yén urang téh teu bisa sagawayah ngamangpaatkeun alam, tapi kudu dipaké saperluna.

Patalina jeung bahan pangajaran, téks carita nu aya dina novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* bisa dijadikeun pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel di SMP kelas IX lantaran bisa mekarkeun karakter peserta didik nu ditétélakeun Kemendiknas, nya éta (1) religius, (2) jujur, (3) toleransi, (4) disiplin, (5) kerja keras, (6) kreatif, (7) mandiri, (8) demokratis, (9) rasa ingin tahu, (10) semangat kebangsaan, (11) cinta tanah air, (12) menghargai prestasi, (13) bersahabat/komunikatif, (14) cinta damai, (15) gemar membaca, (16) cinta lingkungan, (17) peduli sosial, jeung (18) tanggung jawab. Novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran lantaran miboga unsur sosial, budaya, sarta étika nu hadé. Ku kituna, ieu hasil panalungtikan téh dilarapkeun pikeun bahan pangajaran.

5.2 Implikasi

Hiji panalungtikan tangtuna miboga kaonjoyan jeung kahéngkérana. Sanajan ieu panalungtikan aya kahéngkéranna tina sababaraha aspék, di antarana waktu nu heureut, tapi tetep dipiharep aya kaonjoyannana dina ieu panalungtikan bisa mawa kahadéan, utamana pikeun nambahan pangaweruh jeung kamekaran élmu kasusastraan. Dumasar hasil ieu panalungtikan diharep bisa ngeuyeuban kamekaran ékologi sastra, hususna dina karya sastra Sunda, sarta bisa jadi altérnatif bahan pangajaran.

5.3 Saran

Sawatara saran atawa rékomendasi ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan nya éta 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) guru, jeung 3) murid. Kahiji, panalungtikan sarupa anu maluruh ékologi sastra perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat umum. Anu jadi tinimbangan mah sangkan kapanggih aspék ékologi dina karya-karya séjénna. Lian ti éta, sangkan ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra hususna ékokritik di kasusastraan Sunda. Kadua, guru dipiharep bisa ngeuyeuban bahan pangajaran nu ngandung ajén lingkungan. Katilu, murid dipiharep bisa maham kana

téks sastra nu ngandung ajén lingkungan. Lian ti éta, dipiharep siswa bisa nyangkem amanat tina téks sastra.